*Султанбек ӨТӘМБЕТОВ*

# ТЕҢИЗ ТОЛҚЫНЫНДАЙ ТЕРБЕЛЕР ДҮНЬЯ

*(ҚОСЫҚЛАР ТОПЛАМЫ)*

**Нөкис-2009**
**«Қарақалпақстан»**

www.ziyouz.com kutubxonasi

*Султанбек ӨТӘМБЕТОВ*
*Теңиз толқынындай тербелер дүнья, Қосықлар*
*Нөкис, «Қарақалпақстан», 2009-жыл,     бет*

*ISBN-S-8272-1894-4*
**© «Қарақалпақстан» баспасы, 2009**

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ТЕҢИЗ ТОЛҚЫНЫНДАЙ ТЕРБЕЛЕР ДҮНЬЯ

Алтын гербимизге қондырып қумай,
Ғәрезсиз заманға жол берген дүнья.
Туран топырағына ендирип шырай,
Ана бесик болып тербелген дүнья.

Ҳешким де дүньяда бийәрман болмас,
Өмир ләззетине мийири қанбас.
Бәршенин басына бахыт қус қонбас,
Теңиз толқынындай тербелер дүнья.

Ығбал гербишлерин дүзиў өргейсиз,
Адамларға ийман-инсап бергейсиз.
Дәрьяға нәўпир суў болып келгейсиз,
Ақ тал шақасындай тербелген дүнья.

Кимгедур ақыл ҳәм парасат берип,
Кимгедур дойнақлы қаназат берип,
Ал, бизге сарқылмас йош, илҳам берип,
Мудам мәўиж урып турарсаң, дүнья!

## ОЙЛАЙМАН ЖАНЫМ

*(Ережеп Сейтимов намасы)*

Қарамық көзлериң от, ушқын шашып,
Кеўлимде муҳаббат есигин ашып,
Тағы кеткениң не жыраклап, қашып?
Мудамы мен сени ойлайман, жаным.

Уйқысыз өткерип талай түнимди,
Кеўилсиз кеширдим қанша күнимди,
Сезбедиң сен ҳасла жүрек сырымды,
Сонда да мен сени ойлайман, жаным.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бәрқулла қасыңда болыў әрманым,
Есиңде ме талай ойға талғаным?
Ашығыңды не күйлерге салмадың,
Бәрҳама мен сени ойлайман, жаным.

Умытпа деп мени хешқашан, ярым,
Еле күтиўдемен о, аҳыў-зарым.
Кең шәмензардағы мәхийтабаным,
Бир өмир мен сени ойлайман, жаным.

## МУҲАББАТ

Арыўлар сайлап сүйдирип,
Ләбиме ләбин тийдирип,
Ышқында бизди күйдирип,
Ойландырған муҳаббат.

Ышқыға аҳыў-зар етип,
Ушырассақ бийҳал етип,
Шешен тиллерди лал етип,
Байлап кеткен муҳаббат.

Еликтирген қуба ғазын,
Ат көтермес арыў назын,
Журектиң ең нәзик тарын,
Шертип кеткен муҳаббат.

Сезимлер кетер босасып,
Жасамақ мүшкил посасыз,
Инсан өмиринде баҳасыз,
Бийбаҳа байлық муҳаббат.

## ДҮНЬЯ

Кеўлимде мыңсан әрманым,
Бойымда қуўат, дәрманым.
Өзиң деп қанша толғандым,
Әрманларым шексиз дүнья.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Гейбиреўден мийрим кетти,
Жәбири онын жаннан өтти.
Турмыс базда қапа етти,
Бизден соң да қалар дүнья.

Өте берер өмир әсте,
Биреў сап-саў, биреў кәсте.
Ғәрип-кәсер мудам пәсте,
Әрман менен өтер дүнья.

Берген екен, алған екен,
Көз торпаққа толған екен.
Бир бөлеги ялған екен,
Бири кем әрманый дүнья.

Тәғдир неге қатал бунша?
Көп гүл солды ашпай ғумша.
Тахир-Зухралар қанша,
Әрман менен өткен, дүнья.

Бул пәнийдиң себи жоқдур,
Әрманның хеш шеги жоқдур.
Көз көргеннин көби жоқдур,
Бири кем арзыўлы дүнья.

## БИР ОПАЛЫ ЯР КЕРЕКДУР

Сайраған бир бүлбил яңлы,
Шийрин сөзли, серли, аңлы.
Хеш муңайтпас сүйген ярды,
Маған опалы яр керек.

Күлки үйирген жанағын,
Хош келипсиз дер қонағын.
Сыйларлық досыў-яранын,
Мәхийтабан бир яр керек.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Дүнья-байлык қуўып кетпес,
Ашкөзлик, наданлық етпес.
Жүзиме хеш қарсы келмес,
Инсаплы бир яр керекдур.

Кеўилимди ала билсе,
Сүйиклим деп ойнап-күлсе,
Алдымда шадланып жүрсе,
Усындай бир яр керекдур.

## АНАЖАН

Илҳам алып сенлик төзимнен,
Қосық жазып йошлы сезимнен,
Кең жәҳәнди көрдим көзиңнен,
Меҳрийбаным, әзийз анажан.

Бул дүньяның Сиз де бир гүли,
Мийрим толы көзиңиз нуры,
Султанбектиң сарқылмас жыры,
Меҳрийбаным, әзийз анажан.

Бесигимди тербеген өзиң,
Нәсиятдур ҳәр айтқан сөзиң,
Дийдарыңа ҳеш тоймас көзим,
Меҳрийбаным, әзийз анажан.

Жумыр бастан не саўда өтпес,
Ысық жүзиң есимнен кетпес,
Өзиңизге ҳешким де жетпес,
Меҳрийбаным, әзийз анажан.

## УЛЫМ, СЕН ҚАЙТЫП КЕЛМЕДИҢ...

*(Аўған жеринде набыт болған жаўынгер-интернационалист перзентине әкесиниң айтқаны)*

Гүл өмириң зая етип,
Таў жырасын сая етип,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сен Ауғанда хызмет етип,
Улым, сен қайтып келмедиң,
Не болды?.. Сөзлеп бермедиң!

Уласпады арзыў-әрманым,
Қурыды әбден дәрманым,
Жалғыз сүўретиң - алғаным,
Улым, сен қайтып келмедиң,
Онтоғызыңда жерледим.

Күйик болып өмирим бойы,
Көре алмай бахытлы тойды,
Тәғдир не бир азапқа қойды,
Улым, сен қайтып келмедиң,
Я өзиңнен аклық суймедим...

Маңлайыма сыймай сен кеттиң,
Жүрегимди мың тилким еттиң,
Қай мәнзилден хатлар жөнеттиң,
Хатың келди, өзиң келмедиң,
Дийдарыңды қайтып көрмедим.

## «АНАЖАН»

*(«Меҳрибанлық үйи»ндеги бир бала тилинен)*

Балалар үйине мен болып «сауға»,
Қайтып оралмадың кеткендей жаўға,
Тилим бармас анам дейип атаўға,
Соншелли тасбаўырмедиң, «анажан».

Тири жетим етип мендей улыңды,
Қайларға елткенсең кәрўан жүгинди?
Қаршадайын жүрек-баўрым тилинди,
Тәкаббырлық тонын кийген, «анажан».

Ҳешгәп, тири болсам жетермен камал,
Түбинде «перзентиң» өз бахтын табар,
Сонда тилиң сениң гүрмелмей қалар,
«Улым» деп айтыўға, билсең, «анажан».



www.ziyouz.com kutubxonasi

## КЕЛИНШЕК

Толысып, енип сымбатқа,
Кенелип мехир, ықласқа.
Бөленип аппақ липаска,
Елиме келер келиншек.

Назы менен қәдем басып,
Ашық кеўли толып-тасып.
Шанарақтың көркин ашып,
Қәдем қояр жас келиншек.

Әрман еткен күнлери бул,
Жүзлеринен шашылар нур.
Гөззаллыққа малынып тур,
Айдай арыў жас келиншек.

Кеўлиң толар жәўланына,
Жарасықдур дәўраныма,
Гөззал өмир бағларына,
Қәдем қояр жас келиншек.

## ЯРАЛҒАН ДҮНЬЯ

Тәғдир басқа не күнлерди салмады,
Ҳасла ғам-тәшўишсиз күним болмады,
Бул дүнья ялғаны сирә қалмады,
Әўел бастан солай жаралған дүнья.

Заман хәммеге тең күлип бақпады,
Кимдур өз ярына жүзик тақпады,
Бай қызына ғәрийп улы жақпады,
Әўел бастан солай жаралған дүнья.

Қанша ашықларды дәртлерге салған,
Қаншасы айралық намасын шалған,
Ҳақтан басқасының бәриси ялған,
Бири кемис болып жаралған дүнья.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул пәнийден хәмме кетемиз бир күн,
Мәңгиликке хасла жетпейди қурбың,
Гөззаллар тусымнан өтсе сан дүркин,
Мени гирияң еттиң ялғаншы дүнья.

## ТОЙЛАРЫ КӨП ХАЛҚЫМНЫҢ

Бул бахытлы заманда,
Ертеңиме талпындым.
Аўыл менен қаламда,
Тойлары көп халқымнын.

Саз-сәўбети жанлайды,
Жаслар йошып ойнайды.
Көрип көзиң тоймайды,
Кеўили кең халқымның.

Той үстине той болсын,
Жақсы нийет, ой болсын.
Қоналқасы қой болсын,
Миймандос бул халқымның.

Ул қондырыў уяға,
Қыз узатыў қыяға,
Әрманыдур зыяда,
Қарақалпақ халқымның.

## УЗАТЫЛЫП АТЫРҒАН ҚАРЫНДАСЫМА

*(Рано Хожаниязованың тойынан)*

Журтлардан қыпсалап ай жамалыңды,
Кетерде қыймадың анажаныңды,
Дәртлерде қалдырып ағажаныңды,
Өзге шаңараққа кетип барасаң.

Илайым ашылсын бахыт есигиң,
Төринде тербелсин алтын бесигиң,
Ҳасла үзилмесин хәййиў қосығың,
Өзге босағаға кетип барасаң.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Арзыў-әрманыңның шыңына жетип,
Барлық сынақлардан сүринбей өтип,
Ғам-дәрт қабырғанды биримлеп сөтип,
Мамық уянды сен қыймай барасаң.

Барған босағаңа суўдай сиңгейсең,
Жуптың менен шадлы дәўран сүргейсең,
Аллам, өмир берип жүзге киргейсең,
Бизге хош аллияр айтып барасаң.

## СЕЗБЕЙДИ

Дүньяға ким келип, кимлер кетпеген,
Ҳәм қаншасы әрманына жетпеген.
Қыздай кимниң оған ышқы кетпеген,
Бул әрманлы дүнья оны сезбейди.

Инсан көзи тоймай кеткен бул дүнья,
Қаншаның басына жеткен бул дүнья.
Сол ушын дер екен бири кем дүнья,
Кеўилдеги қат-қат дәртти сезбейди.

Мал-дүньяға тоятуғын көз бар ма?
Ата-бабалардан қалған сөз бар ма?
Ким ашық болмаған арзыўлы ярға,
Дүнья ашықлардың кеўлин сезбейди.

Бәршениң кеўлинен шығалмас дүнья,
Адамлардың дәртин уғалмас дүнья,
Бийталантқа талант бералмас дүнья,
Султанбектиң султанлығын сезбейди.

## ЖАСЛЫҒЫМ

*(Кәрамат Жалалов намасы)*

Ессиз шағларымның жанған шырағы,
Бул күнлер айланып келер ме тағы?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жаслық күнлеримнйң жайнаған бағы,
Бийғам балалығым, шоқлық жаслығым.

Әтирапта әлўан гүллер доланған,
Соны көрип ышқы, сезим оянған.
Сол гүллердей түрли түске боялған,
Бийғам балалығым, гөззал жаслығым.

Бул күнлерди умытпастан еслермен,
Яр-досыма көзим қыймай хош дермен.
Кеўилимниң бағын қайта гез дермен,
Бийғам балалығым, гөззал жаслығым.

Журтлар ынтығысып қарасар саған,
Тасқын қуўанышлар жарасар саған.
Шын ашық кеўиллер таласар саған,
Бийғам балалығым, гөззал жаслығым.

Кеўлимде дүньяның мың бир жилўасы,
Ашықтың мың түрли шуғласы-назы.
Бул кең кеўилимниң бәҳәри-жазы,
Бийғам балалығым, гөззал жаслығым.

Ышқы-муҳаббатқа толып-тасасаң,
Назлы ырғатылып кәдем басасаң.
Мениң қушағымда мәңги жасарсаң,
Бийғам балалығым, гөззал жаслығым.

## АНАЖАНЫМ, СИЗ КЕЛМЕЙСИЗ

Жолларыңа бағып көзим,
Солғын тартар кем-кем жүзим.
Қанша жапа шектим өзим,
Анажаным, сиз келмейсиз.

Балалар үйи болып пана,
Ғамқор маған ата-ана.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Улым дейип жалғыз ғана,
Анажаным, хеш келмейсиз.

Уйқысыз кешер гей түнлер,
Әкем қайда? Кимлер билер?
Бул өмирде болмас нелер,
Анажаным, сиз келмейсиз.

Ада болмас көз жасларым,
Неге дәртли бул жас жаным?
Мени қайларға тасладың?
Анажаным, сиз келмейсиз.

Бир басымда саўда түрли...
Сизди шайтан жолдан урды.
Отқа таслап мендей улды,
Анажаным, неге келмейсиз?!

## БИЗИҢ ЕЛДИҢ ҚЫЗЛАРЫ БАР

Гүл-гүл дөнген жүзлери ай,
Иймек қаслары мысал жай.
Ләйли, Шийрин, Зухрадай,
Бизиң елдиң қызлары бар.

Сүмбил шашлы, қыйқаш қаслы,
Жуп сырғасы маржан таслы,
Хош әдепли, жилўа-назлы,
Бизиң елдиң қызлары бар.

Мегзейтуғын серхош қусқа,
Көзи қумай, бели қыпша,
Арқаў болған «Қырық қыз»ға,
Бизиң елдиң қызлары бар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## СЕНИ САҒЫНЫП

Гезсем деймен кеўлиңниң бағын,
Сап ышқыдан тумар тағынып.
Сени ойлап атар ҳәр таңым,
Сүйикли яр сени сағынып.

Муҳаббат бул мәзи сағым ба?
Бул не ҳалат, шеккен аҳым ба?
Ада болдым ышқы дағында,
Сүйикли яр сени сағынып.

Жапырақтай саўлар күнлерим...
Жол қарағлап өтер түнлерим.
Талай ақшам кирпик илмедим,
Сүйикли яр сени сағынып.

Жүргеннен соң алыста жырақ,
Аўҳалыңды самалдан сорап.
Телмирермен жолыңа қарап,
Сүйикли яр сени сағынып.

## БАБАЛАРЫМ

Әййемниң даныш-данасы,
Озық ой-өрис, санасы,
Қара үй болып панасы,
Өмир сүрген бабаларым.

Жасаған кемтар заманда,
Арал теңизи таманда,
Дәрьяға жылым салғанда,
Дәрман тапқан бабаларым.

Өткен иске салаўат,
Бәрине көнген адамзат,
Минерге болмай жүйрик ат,
Әрман еткен бабаларым.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Нәсияттың бәрин айтып,
Қаракөзлерди муңайтып,
Дүньяға хеш келмес қайтып,
Кеткен ата-бабаларым.

## ЯР БОЛАЙЫН

*(Бахадыр Қәдиримбетов намасы)*

Бағларында гүл болайын,
Егер, ярым, бүлбил болсаң.
Мен Бахадыр, сен Гүлайым,
Жолларыңа нур болайын.

Хош көрсеңиз бахтың болып,
Сап ышқыңда тахтың болып,
Қыя бақсаң ўақтың болып,
Қәдемиңе нур болайын.

Еки көзим жалғыз сенде,
Ашық болған тек бир мен бе?
Тәнха өзиң жүрегимде,
Бир өмирге яр болайын.

Шадланысып ойнап-күлсек,
Қол усласып бирге жүрсек,
Ҳәм бийәрман дәўран сүрсек,
Бир өмирге яр болайын.

Гүл төселмиш жолларыңа,
Жүзик тақсам қолларыңа,
Мың бар шүкир яр, барыңа,
Мен өзиңе яр болайын.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚАРАҚАЛПАҚСТАН

Ана-жер топырағы алтыннан қымбат,
Қызларына Аллам берген сын-сымбат,
Жигитке жарасар бедеў, қаназат,
Ата мәканымсаң, Қарақалпақстан.

«Алпамыс», «Едиге» дәстаны болып,
Қаратаў кәнинен байлығы өнип,
Әжинияз, Бердақтың қосығы болып,
Дүньяға танылған Қарақалпақстан.

Арал менен Әмиў толып-тасқанда,
Лала қызғалдақлар ғумша ашқанда,
Алтын қуяш көктен шуғла шашқанда,
Жайнап-жаснарсаң сен, Қарақалпақстан.

## ЖИГИТ-ҚЫЗЛАР

Бириң гүлсиз, бири бүлбил,
Бириң айсыз, бириңиз нур,
Қуяш көкте жарқырап тур,
Ойнап-күлиң жигит-қызлар.

Жаслық дәўир бастан өткен,
Жүреклерди жақын еткен,
Әрман шыңларына жеткен,
Бул бахытлы жигит-қызлар.

Өмир сүриң палдан татлы,
Бириң жаяў, бириң атлы,
Соқпақлар бар шеңгел-шатлы,
Серли болың жигит-қызлар.

Жаслар жаны сезимталлы,
Доссызлар сиз шийрин жанлы,
Бир-бириңе серли, анлы,
Болып жасаң жигит-қызлар.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Бириң патша, бириң ўәзир,
Муҳаббатта болмас ҳәзил,
Жолларыңыз узақ мәнзил,
Бул дәўирде жигит-қызлар.

## УСТАЗЫМ

*(Оразбай аға Сәтбаевтың 50 жыллығына арналады)*

Жигитлик тахтына минбеген ким бар,
Жыл артынан зуўлап өтеди жыллар,
Қосықларың мегзер қызларға дилбар,
Оның қардарлары сан мың, устазым.

Дәрья киби толып-тасқайсыз деймиз,
Таңсық гүлдей зейин ашқайсыз деймиз,
Уллылардың жолын басқайсыз деймиз,
Туйғылардан тулпар минген, устазым.

«Ай сығалап», ашылғанда ығбалың,
«Дөңбекшиген дүнья» тутқандай бағын,
«Тырналар» сап тартып, таўлар алабын,
Және бийиклеткей деймен, устазым.

## КЕЛИН-КҮЙЕЎ

Өзлериндур елдиң сәни,
Сөзлеринде бардур мәни,
Муҳаббаттың тереӊ кәни,
Кәлбиңизде келин-күйеў.

Муҳаббатқа болың садық,
Бир-бириңди сүйсең анық,
Мәңгиликке бирге қалып,
Бахытлы бол келин-күйеў.

Ләйли-Мәжнүн киби сүйип,
Бахыт қусы сизге ийип,
Сап ышқыда жанып-күйип,
Дәўран сүриң келин-күйеў.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Уллы болыў әрманыңыз,
Қыз бала да дәрманыңыз,
Жеңил көшкей кәрўаныңыз,
Жайнап-жаснаң келин-күйеў.

Мудам болсын бахыт тойлар,
Иске ассын нийет, ойлар,
Алда үлкен бийик шыңлар,
Талпынасыз келин-күйеў.

## НӨКИСИМ

*(Қурал Бердақов намасы)*

Келбетиңе кеўил берип қарасам,
Сәнемдей саўлатлы гөззал қаласаң,
Даралар ишинде сен бир дарасаң,
Лалазарға айланғансаң Нөкисим.

Киндик қаным тамған нурлы бостаным,
Ада болмас қосығым хәм дәстаным,
Бәрха жарқырағай ашық аспаның,
Туўып өскен гөззал қалам Нөкисим.

Өтмишиңди толып-тасып жырласам,
Тәрийпиңди қосық пенен сырласам,
Қыялымды илхам болып урларсаң,
Ойнап өскен бағы-бостан Нөкисим.

## САҒЫНЫШ

*(Әкем Өтәмбет улы Бердибектиң естелигине)*

Бийик асқарымыз един мудамы,
Сиз бенен кеткендей үйимиз сәни,
Елиў сегизинде қыйылған жаны,
Кәдирдан әкежан, сизди сағындым.

Бар еди елде өз хүрмет-иззетиң,
Халыққа көп сиңген қалыс хызметиң,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Он үш жас гезимде дүньядан өттиң,
Қәдирдан әкежан, сизди сағындым.

Қалай жазбайын мен қосықлар зарлы,
Тәғдир ерте үзди сиз шерткен тарды,
Қудай көп көрипти өзиндей нарды,
Қәдирданым әкем, сизди сағындым.

Ақлық сүймедим деп хеш тил қатпайсыз,
Я улым деп келип ақыл айтпайсыз,
Енди сиз хешқашан изге қайтпайсыз,
Қәдирдан әкежан, сизди сағындым.

Қанша жыл зымырап өтти арадан,
Айра түстим және қанша жорадан,
Сүўретиңе бағып ойға таламан,
Әкежаным, еслеп жүдә сағындым.

Тастан қатты бул бас бәрине көнер,
«Жазмыштан озмыш жоқ»... болмайды нелер,
Өмир - устаз, турмыс сабағын берер,
Әке, сизди жүдә-жүдә сағындым.

## ӘЖИНИЯЗ БАБАМ

Хаслы қарақалпақ, шығысы қыят,
Шайырлық зибаны бәршеден зыят,
Қосықларын оқып, қанбайды тоят,
Ағып турған дәрья Әжинияз бабам.

Не жазса да көзи көргенин жазған,
Қосық бостанында төгилип йошқан,
Дизген бәйитлери тиллерде дәстан,
Шайырлар султаны Әжинияз бабам.

Бозатаўдан кетеринде бас алып,
Қолға қәлем, көзлерине яш алып,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Зар әйлеп, бийпаян дүньяға налып,
Жүрек-баўрын тилген Әжинияз бабам.

Ҳижран гирдабында өмири өтип,
Алпысты көрмей-ақ сум әжел жетип,
«Неге жаратқансаң пығанлы етип?
Деп бағырын сөткен Әжинияз бабам.

## АРАЛЫМ

Әрман толы көзлер Әмиўге бағып,
Қуслар әлўидағ дер қанатын қағып,
Нар қамыслар муңлы намасын шалып,
Дузлы шаң уйтқыўда, дәртли Аралым.

Ақбас толқын қайта толып-тасар ма?
Жарға урып алтын көбик шашар ма?
Қумлы тәбиятың зейин ашар ма?
Ертекке айланған аңыз Аралым.

Ығбал гәҳи сақпан, гәҳи палақпан,
Кәрўанға мегзермиз шөллерде батқан,
Қаншалар зар әйлеп көшти елаттан,
Бәри де қыймасым еди, Аралым.

Посқан қарақалпақ және посар ма?
Осылған өкпесин және осар ма?
Арбам бар, өгизим жоқдур қосарға,
Көзим қарашығы болған Аралым.

## КЕЛ ЖАНЫМА, ҚАЙЛАРДАСАҢ?

Ышқы толы кеўилим-бағым,
Жүрегимде есилер ағым,
Қыпша бел, күйгелек көз ярым,
Кел жаныма, қайлардасаң яр?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Умытылмас гезлескен күнлер,
Умытылмас сол татлы демлер,
Кеўилимде қулпырар гүллер,
Кел жаныма, қайлардасаң яр?

Көз алдымда айдай жүзиниз,
Қыя баққан кумай көзиңиз,
Жүрегимде ышқы сөзиниз,
Кел жаныма, қайлардасаң яр?

## БОЛМАДЫ

Мени муҳаббат дәрти,
Не күнлерге салмады.
Сүйген ярым ўәдеси,
Бир күншелли болмады.

Жандым арзыў-әрманда,
Ышқы деген жалған ба?
Сүйсем менде не айып,
Яки кеўлиң қалған ба?

Әрманларым пуш болды,
Қолдан ушқан қус болды.
Мәгар бәри түс болды,
Жүрегимди дағладың.

Үмитлерим бийнесип,
Кеттиң бе меннен безип?
Кеўил гүлимди езип,
Не уттың, ялғаншы яр?

Енди бәри әрмандур,
Ўәделери ялған яр.
Сүйсем менде не айып,
Қәлбиме дәрт салған яр?



www.ziyouz.com kutubxonasi

## НӨКИС ҚАЛАМ

Қәдем қойған ата-бабам,
Қәсийетли дияр, кәабам,
Мамық уям, жыллы панам,
Мениң гөззал Нөкис қалам.

Ерке самал желпип есер,
Гүбелек гүлшанды гезер,
Күншығыстың гүли десер,
Мына сизди, Нөкис қалам.

Ығбалың, дәўлетиң ассын,
Әмиўимиз толып-тассын,
Жолларыңа дүрлер шашсын,
Хәр бир инсан Нөкис қалам.

Қосығым хәм жырым өзиң,
Тилимдеги айтар сөзим,
Саўлатыңа тоймас көзим,
Ықласланып баксам, Нөкис.

Жанлар қолда тилла сазым,
Сайрар Бердақ Әжиниязым,
Қызған сайын қызар бәзим,
Бас шәҳәрим Нөкис қалам.

## ҚӘДИРИМДИ БИЛМЕДИҢ
*(Памир Байдуллаев намасы)*

Ашығым-ең аңсаған,
Ынтық едим мен саған,
Жүрегиме шоқ салған,
Муҳаббатым сен едиң.

Сен қырмызы гүл едиң,
Неге көзге илмедиң?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қәдиримди билмедиң,
Муҳаббатым сен өзиң.

Аңлағаным, сезгеним,
Күлимлейди көзлериң,
Өзиңнен хеш безбедим,
Муҳаббатым сен едиң.

Мен өзинди яр әйлеп,
Сап ышқымды тар әйлеп,
Барғанымда, хор әйлеп,
Нәзериңе илмедиң.

Ойлағаным сен өзиң,
Ўәде бердиң, келмедиң,
Муҳаббатым дер едим,
Қәдиримди билмедиң.

## ЖАҚСЫЛЫҚҚА ЖОРЫҒАЙСЫЗ

Кеўлимдеги сөзлеринди,
Қарда қалған излеримди,
Ақшам көрген түслеримди,
Жақсылыққа жорғайсыз.

Хатқа салдым бар сырымды,
Төгип салдым мен жырымды,
Даўрығымды, дүбиримди,
Жақсылыққа жорығайсыз.

Бул бас бәрине де көнер,
Жаманлық уғымы өлер,
Еле жақсы күнлер келер,
Жақсылыққа жорығайсыз.

Дым ғәлетдур дүнья иси,
Шынға айланар гей түси,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сайрағанда кеўил қусы,
Жақсылыққа жорығайсыз.

Бийтанысқа сырлас болсаң,
Минезине уғрас болсаң,
Узақ жолға жолдас болсаң,
Жақсылыққа жорығайсаң.

Быламық сындырса тисиң,
Тәрки әйлер әўмет қусың,
Қарсыз келер болса қысың,
Жақсылыққа жорығайсыз.

## АЎЫЛ ҚЫЗЛАРЫ

Уйлығысқан бултлар түңлигин серпип,
Жасыл майсаларды оятса желпип,
Кеўилимниң нәзик тарларын шертип,
Ләззет бағыш әйлер аўыл қызлары.

Қараң дөгерек-лаш не деген көркем,
Қыздай ашылысар майсалар кем-кем.
Хошминайым, жипек минезли еркем,
Шақырың қасына аўыл қызлары.

Жасыл отлақларда аўнаса таўшан,
Көзлеримде мениң дүнья рәўшан,
Мен де теңиз усап мәўиж уралсам,
Сизге сырлас болып аўыл қызлары.

Айдында жүзгенде шарқ урып өрдек,
Суўға шықса қызлар кийиктей үркек,
Жигитке бедеўден ертлетип жүрдек,
Жүрекке шоқ салған аўыл қызлары.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## АЙ ЖҮЗЛИ ДИЛБАР

Биздей ашығынды өртеп назларың,
Қәлбим сарайына қәдем басқаның,
Ышқымның дәптерин өзиң ашқаның,
Қыялымнан кетпес гүл жүзли дилбар.

Қәўметиң қырмызы гүлге мегзейди,
Жигитлер жәмленсе сени сөзлейди,
Гейбири сыртыңнан бағып гөзлейди,
Көшемниң көркисең ай жүзли дилбар.

Ләблериң мегзер пал, гәҳиде набат,
Пәрўаз әйлер блсаң болайын қанат,
Бийғубар кеўлимде кең әлем жарат,
Сен дүнья көркисең ай жүзли дилбар.

Шолпан жулдызымсаң, өзиңсең барым,
Сен қыя бақпасаң не кешер ҳалым,
Кең кеўлим бағында сиз бирге қалың,
Қызғалдақ гүл яңлы қулпырған дилбар.

## ТЕК СЕНИҢ УШЫН

Қәдди-қәўметиңе бағып, ойланып,
Бағдан гүллер тердим жипсиз байланып,
Ләйлек қусқа мегзеп келгил айланып,
Гөззалым, жасайман тәнҳа сени деп.

Таңда қуслар ушса көкте шарқ урып,
Бағымда әлўан гүл турса барқ урып,
Жолыңа қарарман мойнымды бурып,
Гөззалым сени деп, тек сениң ушын.

Теңселген қыз болып камалға жеттиң,
Он сегиз бәҳәрдиң гүлин көгерттиң,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өзиңди дилгир боп қаншама күттим,
Гөззалым сени деп, тек сениң ушын.

Муҳаббат нурланған жасыл бағым ғой,
Жүректи өртеген ыссы жалын ғой,
Ышқы әндийшеси көпке мәлим ғой,
Гөззалым, гүл тердим тек сенин ушын.

## УМЫТПА ЯРЫМ

Татлы сезимлердиң жаңғыртып сазын,
Бирге араладық муҳаббат бағын,
Ҳәр көргенде өртер буўынсыз назың,
Тунғыш қәдемиңди умытпа ярым.

Гәҳиде урланып сен қыя бақтың,
Сонда шашларыңа таң гүлин тақтым,
Көксиме бас қойып, ойларға баттың,
Сол күнлерди ҳасла умытпа ярым.

Саған арнап ышқы гүллерин тердим,
Сол гүллерге қоса кеўлимди бердим,
Сонда әсте ғана «сүйиклим» дедиң,
Сол сөзиңди ҳасла умытпа ярым.

Шадлы күнлеримиз бизиң сол болды,
Кеўилимиз тасқын шадлыққа толды,
Жаным, бир-биреўден үзбейик қолды,
Бул күнлерди ҳасла умытпа ярым.

## ҚАРАҚАЛПАҚТА

Көндур елимизде дәстүр, үрп-әдет,
Қызларына тәндур наз-ийбе, әдет.
Ғошшақ жигитлерге бедеў ат мәдет,
Бул әжайып елим қарақалпақта.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ат өлсе де, лекин кәде калмайды,
Елимде хәмийше сазлар жаңлайды.
Хош әдепли ярды жаным аңлайды,
Жипсиз бенде әйлер қарақалпақта.

Бәзим-кешелери сәўбетли-сазлы,
Ойын ойнар қызлар ийбели-назлы.
Айдын көллери бар үйрекли-ғазлы,
Бул әжайып дияр қарақалпақта.

Атлар шапқыласар бәйги жолында,
Бақсы шағлар тилла сазы қолында.
Көкмар-ылағы бар тойдың соңында,
Бул әжайып дияр қарақалпақта.

## БИРГЕ БОЛАЙЫҚ

Гүл төсейик жас жубайлар жолына,
Бахыт қадақларын алсын қолына.
Талаплары баса берсин оңына,
Бул бахыт тойында бирге болайық,
Келиң, келин көримлигин алайық.

Дослар, қәне, той бәзимин баслайық,
Қутлы келин келер, нәзер таслайық.
Халқым менен қутлықлап бул жасларды,
Бул бахыт тойында бирге болайық,
Жеңгейлердиң көримлигин алайық.

Қуўанышқа толы күнлер кеўилде,
Атландырып жасларды биз сейилге.
Әмел қылып дәстүр-салтлы өмирге,
Бул бахыт тойын биз бирге тойлайық,
Еки жастың келешегин ойлайық.

Көктен қыйылып баққандай толған ай,
Бул дилбар қыз ғош жигитке жүдә сай.
Қос ашықтың кеўиллери тапты жай,
Ата-ана пәтиясын алайық.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ӘРМАНЫМ

Айдай арыў жүзлери,
Сулыўлыкта таласқан,
Жигитлердиң көзлери,
Көрген сайын қамасқан.

Шийрин-шекер сөзлери,
Сыңғырлайды жағымлы,
Күлимлеген көзлери,
Бийлеп алды жанымды.

Жүзине қуп жарасқан,
Нокат-ноқат қалы бар,
Мени бийхуш етерлик,
Ләблериниң палы бар.

Мен сол қызға телмирип,
Көзим үзбей бағарман,
Сол гөззалдың ышқында,
Ҳәм өртенип жанарман.

Онын кеўил бағына,
Сайранлап мен кире алсам,
Әрманым-аў сол мениң,
Жүзлеринен сүйе алсам.

## КЕЛМЕДИҢ

Бизлер тез-тез дусласып,
Узақ жыллар досласып,
Жүрсек те қол усласып,
Айра түстик бир-биреўден.

Алдында мен бас урып,
Күтер едим асығып.
Сырларынды жасырып,
Жүргениңди билмедим.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сүйгенлиги ялған яр,
Аз-кем кеўлим алған яр,
Жан дүньямда қалған яр,
Не себептен келмедин?

Ушырасыўға келмедиң,
Узақ күттим, билмедиң,
Кеўлим сүйген гүл един,
Аҳыў-зарым келмедиң.

Өзге биреўге бағып,
Неке жүзигин тағып,
Мени дәртлерге салып,
Кеттиң ярым, келмедиң.

## ЯДЫҢДА МА?

Ийбе менен назлы бағып,
Жүрегиме отлар жағып,
Өзгениң кеўлине шоқ салып,
Кеттиң ярым, ядыңда ма?

Арадан ай, жыллар өтип,
Айралыққа нәўбет жетип,
Жолларыңа дилгир етип,
Күттиргениң ядыңда ма?

Қәлбимдеги жипек тарым,
Өзиң един сүйген ярым,
Қайлардасаң аҳыў-зарым,
Берген ўәдең ядыңда ма?

Бирге гезген жаслық бағы,
Жадырап гүл ашты тағы.
Сизге ашық яр қушағы,
Сол бир күнлер ядыңда ма?



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ОПАДАРЫМ СЕН ӨЗИҢ

Жүрегимди күйдирген,
Ашық ярым сен өзиң.
Ләблериңнен сүйдирген,
Опарадым, сен өзиң.

Нәзик кеўлиңе бағып,
Жипек минезиңди сездим.
Сиз бенен бағ аралап,
Гүлшанларды көп гездим.

Әрманларым уласар,
Бизге бахыт миясар.
Жаслық муҳаббат бағы,
Екеўмизге жарасар.

Кеўилимниң бәҳәри,
Тек өзиңсең, сүйиклим.
Бул журтларға мәлимдур,
Яр, ышқыңда күйгеним.

Ҳақ нийетке жетип биз,
Бирге ойнап-күлейик.
Бул беш күнлик дүньяда,
Шадлы дәўран сүрейик.





www.ziyouz.com kutubxonasi

## МАЗМУНЫ:

1. Тениз толқынындай тербелер дүнья.....3
2. Ойлайман жаным.....3
3. Мухаббат.....4
4. Дүнья.....4
5. Бир опалы яр керекдур.....5
6. Анажан.....6
7. Улым, сен қайтып келмедиң.....6
8. Анажан.....7
9. Келиншек.....8
10. Ялған дүнья.....8
11. Тойлары көп халқымның.....9
12. Узатылып атырған қарындасыма.....9
13. Сезбейди.....10
14. Жаслығым.....10
15. Анажаным, сиз келмейсиз.....11
16. Бизиң елдиң қызлары бар.....12
17. Сени сағынып.....13
18. Бабаларым.....13
19. Яр болайын.....14
20. Қарақалпақстан.....15
21. Жигит-қызлар.....15
22. Устазым.....16
23. Келин-күйеў.....16
24. Нөкисим.....17
25. Сағыныш.....17
26. Әжинияз бабам.....18
27. Аралым.....19
28. Кел жаныма, қайлардасаң.....19
29. Болмады.....20



www.ziyouz.com kutubxonasi

30. Нөкис қалам....................................................21
31. Қәдиримди билмедиң...........................................21
32. Жақсылыққа жорығайсыз....................................22
33. Ауыл қызлары.....................................................23
34. Ай жүзли дилбар.................................................24
35. Тек сениң ушын...................................................24
36. Умытпа ярым.......................................................25
37. Қарақалпақта.......................................................25
38. Бирге болайық....................................................26
39. Әрманым.............................................................27
40. Келмедиң............................................................27
41. Ядыңда ма...........................................................28
42 Опадарым сен өзиң..............................................29



www.ziyouz.com kutubxonasi

Султанбек Өтәмбетов

Теңиз толқынындай тербелер дүнья

«Қарақалпақстан» баспасы
Қарақалпақ тилинде
Нөкис-2009

Редакторы: *Оразбай Сәтбаев*
Художниги: *Замира Бердибекова*
Тех. редакторы: *Баҳадыр Иземетов*
Корректоры: *Айжарық Әжеков*
Операторы: *Зухра Ембергенова*

Териўге берилген ўақты 12.03.2009. Басыўға рухсат етилген ўақты 24.03.2009. Қағаз форматы 84x108, Офсет усылында басылды. Гарнитурасы - «Times». Көлеми 1,0 б/т. Жәми 1000 нусқада. Буйыртпа №189. Баҳасы шәртнама бойынша.

**ЖШЖ «Типография № 11» Акмангит дарсан кошеси № 23**

«Қарақалпақстан» баспасы: 742000, Нөкис қаласы, Қарақалпақстан көшеси, 9.

www.ziyouz.com kutubxonasi